Урысейм и щIэблэр зэкъуегъэувэ зыхущIэкъур зэрызэтехуэм

«Кавказ-2020» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэшхуэ Налшык щокIуэкI

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГъЭМ И МэКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛъАНДЭРЭ КъЫДОКI

№134 (21.792) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Шынагъуэншагъэм топсэлъыхь

Бадзэуэгъуэм и 19-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм щриз экIуэкIащ республикэ и хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр зыхэта зэIушIэ.

АБЫ щытепсэльыхьащ шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ апэщIэтыным екъэлIа Iуэхухэм. ЗэIушIэм кьрикIуахэм япкъ иткIэ, республикэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуиГъэуващ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыналъэм жылагъуэ шынагъуэншагъэр щыхъумэным теухуа къалэнхэр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Репортаж

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

Олимп чемпионкэ Журовэ Светланэ.

Кавказым и бжэр Налшык къызэIуех

Урысей Федерацэм и хэгъуэгу 77-м къыкIа студент зэчиныIэхэр, спортым ехьулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа, хьэрычэт Iуэхум хэсыха щIалэгъуалэр «Урысей зэкъуэт» партым и «ЩIалэгъуалэ гвардием» Налшык щызэхуишэщ.

КУРОРТ гуэлымрэ мэз льапэмрэ я зэхуаку утым щагъэува щэтыр 370-м щIигъум зыщIэзыгъуэзащ. ЗэIушIэм хэт щIалэхэмрэ пщащхэмрэ зыщIэлъ, щышхэ, щылажьэ щэтырхэмрэ спорт зэхьэзэхуэхэр щекIуэкI губгъуэмрэ зригъэлъэгъуа нэужь, журналистхэм я пащхьэ къыщыгъэтеувыIащ Къанокъуэ Арсен.

Лагерым и къызэрэпэщыкIэр ещхь хъуарэ-мыхъуарэ, зэIушIэр Къэбэрдей-Балькъэрым щегъэкIуэкIыныр «Урысей зэкъуэт» партым и генсоветым деж щыпхыигъэкIыныр гугъуу щытарэ-щымытарэ, зэхуэсым зи зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ щIалэгъуалэм адэкIэ яIэну гулыитэм теухуауэ журналистхэм ирата упщIэхэм жэуап щритым, Къанокъуэм жиIащ кьеблагъэхэр арэзы хъуауэ кIуэжмэ, и къалэныр игъэззэщIауэ къызэрилытэнур.

- Сэ сыхуейщ мыпхуэдэ Iуэху дахэр хабзэ тхуэхъуу, КъБР-ми Кавказ Ищхьэрэм и адрей хэгъуэгухэми ильэс къэс щедгъэкIуэкIыну, - къыпищащ Президентым. - Кыхэтлъха жэрдэмыр кьыдалыгъыу, «Кавказ-2020» щIалэгъуалэ зэIушIэр Къэбэрдей-Балькъэрым щедгъэкIуэкIыну дзыхь кьыхуэзыщIахэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Дэ ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ нобэрей Iуэхум, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Кавказым и щIалэгъуалэр зэкъуэгъэувэн хуейщ. Урысейм кьыщIэхъуэ щIэблэр зы хьун папщIэ, я кьарур зэхаIъхьэу зыужьыныгъэм хуэлэжьэн щхьэкIэ. Проект гъэщIэгъуэн мыбы щызыгъэлъагъуэ дэтхэнэ зыми гулыитэ зэрыхуаныр гугъуу щытарэ-щымытарэ, зэхуэсым зи зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ щIалэгъуалэм адэкIэ яIэну гулыитэм теухуауэ журналистхэм ирата упщIэхэм жэуап щритым, Къанокъуэм жиIащ кьеблагъэхэр арэзы хъуауэ кIуэжмэ, и къалэныр игъэззэщIауэ къызэрилытэнур.

Краснодар крайм и щIалэгъуалэр нэхъ хахуэу къыщIэкIащ: ахэр КъБР-м и Президентым ельэIури, фэепль сурэт зытраГъэхащ, фIыщIи хуащIащ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэхьихьэр кьыIэрыIэригъэпэщам папщIэ.

Адэкlэ ныбжьыщIэхэр зыпэплъэ Iуэхум - гуфIэгъуэ пшыхьым - щIидзащ. Бэч Аэ́змэтрэ Ащхьуэт Ритэрэ щIалэгъуалэм я Iэгуауэзщхуэм щIэту пщыхьэщхьэр кьыIэIуахри, хьэщIэхэм фIэхьус псальэкIэ захуигъэззэну утыкур хуит хуащIащ Къанокъуэ Арсен.

- Гуапэу фыкьыIэогъэблагъэ Къэбэрдей-Балькъэрым и лъахэм, - жиIащ Президентым. - ЩIалэгъуалэр зыхэт мыпхуэдэ зэхуэсхэм сытым деж мыхьэнэшхуэ яIэщ, сыту жыпIэмэ, бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ псальэ, дин зэмыщхьхэр зезыхьэ щыхуэхэр зэкъуегъэувэ, Нобэ куэд топсэльыхь Кавказыр зищIысым, ар щыналъэ щхьэхуэ гуэру, Урысейм хэмыхьэу кьызыщыхьуэхри щыIэу. ФщIэну сыхуейщ Урысейр Кавказыншэу зэрымыгъэуфыгынур, Кавказыр Урысейншэу кьызэрымыгъэугрыкIуэфынур. Ар кьалыгъэри, ильэс 450-рэ и пэкIэ ди адэжьхэр Урысейм и жьауэм щIэуваш. Абы лъандэрэ Урысеймрэ Кавказымрэ зэкъуэтщ, ар кьэрал лъэщщ. Апхуэдэу екIуэкIын папщIэ дыхуэзакьыу тхъумэн хуейщ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, псом япэу ар зи пщэ кьыдэхуэр фэращ, щIалэгъуалэрэ.

Къыдэкlуэтей щIэблэращ гупсысэщIэхэр кьэзыгъэщIыр, аращ къэкIуэнур кьыщIывапхри. Льэпкъ зэхэгъэжьмрэ дин щхьэхуэныгъэмрэ евгъэкIуэтэкIи, цыхугъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ кьэфIльытэу фыкьыIэздекIуэкI. ЗэIушIэм хьер кьыщыпэкIуэнур зэныбжьэгъу фызэхуэхьумэщ, фызэкIэлыкIуэн щIэвдзэмэщ. Кавказым цIыхум пщIэ щыхуащI, Кавказым ныбжьэгъугъэр япэ щрагъэщI! Ар зэвгъэльагъуну IуэмáI фиIэщи, лэжьыгъэфI кьывдэхъуну, фи зэманыр купщIафIэу къэвгъэсэбэпыну, политикэм, экономикэм, социальнэ IэнатIэм, творческэ Iуэхухэм фи кIэн кьыщикIыну си гуапэщ!

Адэкlэ УФ-м и Къэрал Думэм и вице-спикер, «Урысей зэкъуэт» партым и федеральнэ советым и президиумым и секретарь, Олимп чемпионкэ **Журовэ Светланэ** псалъэ щратым, кьеджащ УФ-м и кьэрал Думэм и УнафэщI, «Урысей зэкъуэт» партым и совет нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ Грызлов Борис кьигъэхьа тхыгъэм. Абы кьыхэщащ Кавказ Ищхьэрэм псэукIэм, экономикэм епхауэ щыIэ гугъуехьхэр зэфIэхьныным, шынагъуэншагъэр щызэфIэгъэувэным Урысей Федерацэм и унафэщIхэм гульытэщхэ зэрыхуащIыр, ар кьайхъулIэн папщIэ щIалэгъуалэм я кьарур мыращIэу халъхьэн зэрыхуейр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэралым пщIэшхуэ къыхуещI

●Хъыбар гуапэ

Ухуэныгъэм и IэнатIэм екъулIэныгъэ зэрыщIэм икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ, Урысей Федерацэм и Президентым 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м кьыдигъэкIа Указ №894-мкIэ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ льапIэр кьыфIащащ **Кононюк Василий Николай и къуэм** - «КД-ТЕКС» ООО-м и кьудамэм и унафэщIым.

Хабзэншагъэ

Урысей къуэхьлъатэзехуэ Ярошенкэ Константин Африкэм щыщ Либерие къэралым щыубыдащ.

Ар белджылы щыхъуар махуэ зыбжанэ дэкIа иужькIэщ. Ярошенкэ зыщIэс хьэщIэщым цIыхуих щIэзэригъэри, ар кьыщIашащ, кхъухьлъатэкIэ Нью-Йорк нагъэсащ. Мы зэманым кхъухьлъатэзехуэр щаIыгъщ а къалэм и лъэхъуэщым.

Ярошенкэ Константин кокаин щэхуу кьиришэкIыу ягъэкьуаншэ. Арщхьэкlэ абы щыхьэт техьэу гуэри США-м и властхэм кьагъэльагъуэркъым. Кхъухьлъатэзехуэм и уэчыл Боженкэ Александр жеIэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм дунейпсо хабзэхэр нэмыкIыбтагъэ хэлъу кьызэпадауэ. Iуэхум хьыкащ УФ-м Нэгъуэщ I къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр.

Хуабэм ирегъэлей

Гъэмахуэр зэрыхуабэIуэм и зэранкIэ насыпыншагъэ зыхъом къэхъуащ.

Ижьрей махуэхэм псыежэх, гуэл зэмылIэужьыгъуэхэм цIыху 71-рэ щитхьалащ, цIыху 20-р кьрагъэлыфащ. ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм мэзхэр мафIэм щес. Абы губгъуэхэри щызэщIищтэ щыIэщ.

Сымаджэщхэр лажьэркъым

Италием и сымаджэщ псори лажьэркъым.

Кьэралым и дохутырхэм щыпIэ-щыпIэхэм цIыху куэд зыхэт пэкIуэхэр щрагъэкIуэкI правительствэм медицинэ IэнатIэм хуих ахьшэр етIа- нэгъэ еврэ мелард 28-кIэ гъэмэщIэным теухуауэ кьищта унафэр ямыдэу. А унафэм гъуэгу игъуэтмэ, дохутыр мин 30 лэжьапIэншэу кьэнэнущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар IэнатIэм и дежкIэ удныыыхуэщ.



◆Бельгие пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - пащтыхьым тхьэрыIуэ щита махуэщ (1831). Пащтыхь Леопольд Е́эанэм Бельгием и парламентым тхьэрыIуэ щитащ Конституцэм хуэпэжыну. Абдеж нидерланд провинцэхэм я зыкъэIэтыныгъэр увыIэри, зыуэ щыт Бельгие къэралыгъуэ кьызэрагъэпэщащ.

◆Илъэси 100 и пэкIэ (1910) Архангельск и деж «Ольга» кхъухьымкIэ гъуэгу щытехьащ Седов Г.Я. зи унафэщI экспедицэр. Абы лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Арктикэм кхъухьхэр щызекIуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр джыным теухуауэ.

◆ Илъэс 90 и пэкIэ (1920) Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьныгъэмкIэ советым унафэ кьиштащ «РСФСР-м радиотелеграф Iуэхур щызэтеублэным теухуауэ».

◆ Бадзэуэгъуэм и 21 - 22-хэм Брегенц (Австрие) щекIуэкIынущ дунейпсо оперэ фестиваль.

◆Илъэси 100 и пэкIэ кьалъхуащ совет сурэтыщI икIи график, СССР-м и цIыхубэ художник, СССР-м и сурэтыщIхэм я академием и президент (1962 гъэм кьыщыщIэздауэ) Серов В.А. (1910 - 1968).

◆Илъэс 40 и пэкIэ лIащ совет еджагъэшхуэ - антрополог, археолог, скульптор, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Герасимов М.М. (1907 - 1970). КъащIэна къъупщхьэхэмкIэ абы зэфIигъэувэжыфащ цIыху цIэрыIуэ зыбжанэм (Иуан ЕплIанэм (Грозный), Улугбек, адмирал Ушаков сымэ, нэгъэущIхэми) я теплъэр.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ХамэIэр Iэгъэзагъэ щхьэкIэ гугъэзагъэкъым.

Лэскэн куей

##Ику иту центнер 42-рэ къыщIаIукI

Лэскэн районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкIэ и Iуэхущ IапIэм и унафэщI Сбаншы Залымхан зэрыжиIамкIэ, куейм и губгъуэхэм япэ хэгъуэм щигъащIэгъуэщ.

ХЬЭР щыIуахьжа хьэсэхэм дэтхэнэ гектарми хуэзэу ику иту центнер 32-рэ къытрахащ. Иджыпсту суэкьэрэкIыу гуэдзыр кьрахьэлIэж. Сэбаншы Залымхан кьыхэпхьэхэмкIэ и Iуэхущ IапIэм и унафэщI Сбаншы Залымхан кьыхэпхьэхэмкIэ, жылапхьэфIхэр кьызэрыхахам, егугъуу зэрыхасам, зэрыхэрахьам и фIыгъэкIэ, мы гъэм а къэкIыгъэр яхуэбгъуащ. Кьащтэмэ, абы хухаха гектар 1536-м щыщу 450-р зэщIакъуэжати, дэтхэнэми ику иту центнер 42-рэ къытекIащ. Гуэдзыр комбайн 12-кIэ Iуахыж, псори зэхэту тонн мини 8 мынэхъ мащIэ кьыщIаIукIыну я мурадщ.

Горох щхьуантIэм, жэгундэм, бжьынымрэ бжьынымхумрэ кьадэкIуэу, мы гъэм нащэр гектар 1907-м, помидорыр - 2011-м тращIащ. Бэджэндырылажьэхэм нащэбэв кьайхъулIам, кьыщIычыжьи зэрыщIадзэрэ и щэным гугъуехьхэр пылъщ. Консерв заводхэм ягъэфIэIун зэрыщIамыдзам кьыхэкIыу, нащэр пудщ. Абы кьыщIахар трагъэкIуэдам жыжьэуи пэкIуэжыркъым. Куейм и бэджэндырылажьэхэр щогугъ кьагъэкIа гъавэмрэ хадзэкIхэмрэ уасэ тэмэм кьапэкIуэу ящэнымкIэ район, республикэ унафэщIхэр кьадэIэпыкъуну.

ТЕКIУЖЬ Зарет.

Тэрч куей

Я зэфIэкIым хохъуэ

Тэрч куейм и «Консервпром» ООО-м мы зэманым прихьэлIэу сом мелуан 40 и уасэ фIэгубэ ящIащ.

МЫ ЗАВОДЫМ и лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи зэтеубла хъуныкIэ дэIэпыкъуэгъэушхуэ кьахуэхьуащ КъБР-м и Президентым и деж Инвестицэмкlэ щыIэ советыр. Илъэс и пэкIэ советым хэтхэр арэзы техьуауэ щытащ хадзэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм елэжьыным теухуауэ Iуэхущ IапIэм игъэхьэзыра бизнес-планым. Абы тету лэжьэн щIэзыдза заводым бэджэнду щыIэ гектар 550-рэ кьыщтэри, помидор, нащэ, горох щхьуантIэ хисащ. �IэнатIэ псоми ткIуэпс зырызу псы щIэгъэлъэдэкIэр кьыщагъэсэбэп, абы кьыхэкIыу кьрахьэлIэж хадэхэкIыр бэщ.

Нобэ «Консервпром»-м цIыху 450-рэ щолажьэ. Гъатхэ-гъэмахуэ лъэхьэнэхэм пIалъэкIэ иджыри цIыху 500-м нэс игъэлэжьэнущ. Заводыр кьызэгъэпэщащ иджырей италъян Iэмэпсымэхэмкlэ. Мыгувэу абыхэм кьахэхьэнущ хьэзыр хьуа фIэIугъэхэр цехым кьыщIэщыныкIэ ахэр хьуманIэхэм щIэгъэзэзэгъэныкIэ кьадэIэпыкъуну линиещIэ. Мы махуэхэм ар ягъэув Италием кьикIа IэщIагъэлIэхэм. Ар хьэзыр хьумэ, иджыпсту IэкIэ игъэзащIэ лэжьыгъэ хьэльэхэр автоматикэм зэрихьэжьыкIынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гагрэ-ПуащIэпс

АБХЪАЗ. *Сочэ и къэухь компаниехэм ящыщ «Логгер» фирма» IуэхущIапIэм ПуащIэпсрэ Гагрэрэ яку дэтыну къэухьыр нобэ еутIыпщ.*

ПУАЩIЭПС-Лазаревскэ-Дыгъэмыс-Сочэ-Адлер-Гагрэ зэпызыщIэну «Ирбис» кхъухьым цIыхуи 140-рэ кьищтэнущ, абы а гъуэгуанэм сыхьэти 7-щ тригъэкIуэдэнур.

Сом мелард 29-м нэблагъэ

АДЫГЕЙ. *БлэкIа мазищым экономикэм пыщIа IэнатIэхэм сом мелард 28-рэ мелуан 951,5-м кьуубыд лэжьысъэ щызэфIахащ. Ар нэхъабэ и ахуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 23,6-кIэ нэхьыбэщ.*

ХЭХЪУЭ нэхьыбэ кьатащ бдзэжьей ещэнымрэ бдзэжьей гъэхъунымрэ пыщIа IэнатIэхэм - псори зэхэту сом мелард 14-м нэблагъэ. Абы кьыдэкIуэу нэхъ мащIэ хъуащ ухуэныгъэм, щIым кьыщIах кьуеингъэхэм пыщIа IэнатIэхэм фейдэуэ кьатыр.

«Лимузин» лъэпкъым йолэжь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *ЛыхъжьымрэIэщ гъэхъунымрэ кьызэгъэпэщыным икIи зегъэужьыным тещIыхьа программэм ипкъ иткIэ, ахуэдэу зезыхьэ Iэщыщхуэ лъэпкъыр 120-рэ Венгрием кьрашащ.*

КъШР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, кьащэхуа хьушэр КъШР-м и Зеленчук куейм щыIэ «Тендем» ООО-м иратащ.

УЭРДОКъУЭ Женя.



Кавказ и бжэр Налшык къызэІуех

(КІэухыр. ПэщІадзэр 1-нэ нап.).

Журовэ Светланэ Кьаноокъуэ Арсен фІыщІэ хуиущащи зи мыхьэнэкІи къызэщІиубыдэ Іуэхухкіи мыцІыкІу форумыр Кавказ Ищхьэрэм ягъэ къыщІызэгъэпэщыным зэрытегушхуам папщІэ.

- Ягъэ лъэбакъуэр сытым дежи нэхъ гугъущ, - жиІащ Светланэ. - АІуэ Уэпсу зэфІэкІащ Урысей псом и щІалэгъуалэм Кавказыр къахуэзэІупхьи. Кавказыр щІыпІэ телыджащ, цыхъ хэр дахэу щыпсэу, щылажьэ, щеджэ лъаэр гъуэзэджэщ. Си фІэщ мэхъу абы щІалэгъуалэр дяпэкІэ нэгъуэщІынэкІэ зэрепЛлынур, иджыри мыбы куэдрэ кьыззэрытрагъэзэнщ. ФыщІэ хэха хуэфащэщ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат ЩІхьэгъуэш Адэлбий. ЭйуцІэ гуэрым дыздыщІэсым абы сыщигъэІуаэзэт лагерыр кьыззэгъэпэщыным теухуауэ иІэ гупсысэм. Ики жиІат а лагерыр адрейхэм парламентхэм я унэтІакІу э **Сагиев Тимур** Кавказым и хабзэ дахэх эр, абы и цІыхухэм я дуней тетыкІэр, лъаэхэм щытыкІэр зэрыщыІэзэрытыр къэралым и щІыналъэ нэхъ жьжьбэхэм кьиКІахэм я нэкІэ зэралъагъуи и гуапэ зэрыхьур кьызыгъащІ.

«Кавказ-2020»-м ныбжьэгъу куэд, я гъащІэм сэбэп кьащцыхуэхьуи щІэныгъэ зэрыщыІэрагъэгъуэтыныр, Урысейр зэрыныМкІэ абы щыпсэу Іуэлъэпхъэм я беягъымрэ кьащІауэ щІалэгъуалэр зэрыІэзэгрыкІыжьынур и фІэщ зэрыхьэр жиІащ «Уэрыс псом зэкъуэт» партым и «Щэблэщ» гвардием» и политсоветым и унафэщІ **Гаттаров Руслан.**

- Кавказ Ищхьэрэм и хэгъуэгуэхэм я унафэщІхэр кьаруэ зыхьэлъ защІэщ. Ауэ абыхэм я лъэщагъым и зы Іыхьэщ щІалэгъуалэм я зэфІэкІри. Кьаурм, хахуагъэм я лъабжьэр зэкъуэтыныгъэр зэрыларур фощІэ. Дыхьэкъуэгъ мэ, дылъэщІ! - кьыхуриджащ кьыззэуэсахэр партым и «Щэблэщ» гвардием» и зэхьэгъэІу со ветым и унафэщІ **Мусуков Руслан.**

Лэкьэнэ, ефжэну , зэпеуэну форумым кьеблэгъэхэр нэхъыжьхэм я псалъэ дахэхэм нэхъри трагъэгушхуащ, я дзрэжьэгъуэр кьалэтащ. ХьэщІэхэм я нэгу зрагъэужьын папщІэ, сыт щыгъын х уэдэу, екІуу зэхагъэуват концерт программэри. Ягъэу утыку кьинхащ «Кабардинка» кьэрал академическэ ансамблим и солистхэр. Мыгу Айдэмыр и «НэфыщитІ» уэрэдыр псоми ящІэрти, щІалэгъуалэр дежьэрт, Мейкъуапэ кьинкІа щІалэхэмрэ пщащхэмрэ, я лъхьэгъуэр ягъэтушху эу, зэхаша джэгур псоми щІэщыгъуэ ящыхьуат. ЛІыбзу Аслъэн и пшынальэм Кавказым и бгы лъагэхэм псэкІэ удрахьейр т, Кавказ щІалэхэм я псэкупсэ кьулеягъыр кьагъэлъагъуэу сценэм кьинкІа «Черкесский круг» ансамблым и бзрэбэнауэхэм ныбжьыщІэхэр кьызэщІиІэт эрт. Апхуэдэу у гуфІэгъуэр ягъэдэхащ Щоджэнщыкіу Аслъэн, Докаев Юсуп (КъБР), Бабаевэ Викторие (Осетие Ищхьэрэ - Алание) сымэ. «Арт Синдикат» уэрэдыжьІакІуэ гупым Урысей Федерацэм и тельыджкІыбым языхэз Іуащхьэмахуэ теухуауэ жаІа уэрэдымрэ щІалэгъуалэр абы зэрыдежькІумрэ, жэщыр хэкІуэтами, Налшык и зыгъэпсэхупІэр жеІм кьыхишырт...

НЭЩІЭПЫЩЖЭ Заирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ** *Элинэ трилиг.*

Узыншагъэм, гъэсэныгъэм я къежьапІэ

●КЪБР-м и Парламентым

«КЪБР-м 2009-2015 гъэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар зэрагъэзащІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха сыхьэтым.

КЪБРм СПОРТЫМРЭ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн ищІа докладым къыщигъэльэгъуащ идкьыпсту физкультурэмрэ спортымрэ ди дежь зэрыщыІэзэгъэувам, а ІэнатІэм къыщыхъуа зэхъуэкІныгъэхэм, цІыху куэд зыхэт физкультурэ зэщІэхьеныгъэмрэ профессионалнэ спортымрэ мылькукІэ, ахьшэкІэ къызэрыгъэзэрагъэпэщым.

Нэгъабэ Зенкъуэ, Джэрпэджэж къуажэхэм спорт залыщІэхэр дащІыхьащ, Щхьэлыкъуэ къуажэм дзюдом зыщыхуагъасэ пэш къыщыІуахэщ, Псыгуэнсу къуажэм спорт комплексыщІэ щыпсэжьэу хусжьащ. Налшык кьалэм узынщагъэр щрагъэфІакІуэу дэт физкультурэмкІэ унэр щызэрагъэпэщыжащ, Къулькъужьын къуажэми спорт комплекс зэгъэпэща лажьэу щаутІыпщащ. Футбол джэгуПІэхэр къыщызэрагъэпэщащ Прохладнэ, Нарткъалэ кьалэхэм, апхуэдэ губгъуэ зыхуэят щыхуагъазэ Бахъсэн кьалэми. Мини-футболым дихьэххэм я джэгупІэ щащІ Лэскэн районымрэ Тырныауз кьалэмрэ.

Спортым дихьэххэм зыщІагъэкъуэн, ахэр нэхъри трагъэгушхуэн папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ КЪБР-м и Президиум и стипендиехэмрэ ахьшэ саугъэтхэкІэ.

Ди республикэм мыхьэнэ нэхъыбэ щиІэ мэхъу урысейпсо, дунейпсо спорт зэщІэхьеныгъэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкІэ. Кавказ Ищхьэрэм спорт зэхьэзэхуэ инхэр къыщыдзэгъэпэщыныкІэ республикэм щІыналъэ центру зэтеуцуж хусжьащ. Абы и щыхьэтщ 2009, 2010 гъэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм дунейпсо турнирыр 4, Урысейм и чемпионату 4, спорт лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкІэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьыныкІэ зэхьэзэхуэу 6, урысейпсо турниру 14, республикэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиІэ зэхьэзэхуэу 250-м щІигъу зэрыщрагъэкІуэкІар.

АфІэунэ Аслъэн кьыхигъэщхьэхуэкІащ «Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр (2006-2015 гъэхэм)» Федеральнэ программэ хэхамрэ «УФ-м футболым зыщегъэужьыныр (2008-2015 гъэхэм)» абы и программэ гуэдзэмрэ хиубыдэу «КЪБР-м футболым зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар КЪБР-м и Правительствэм зэрызэхилъ щхьэ. Абы ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ псомии сыхьэти 3, сыхьэти 4 программэм тету физкультурэр зэрыщрагъэджьым футболым теухуауэ зы сыхьэт щІагъужащ.

«КЪБР-м футболым зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІэным кьыдэкІуэну Іуэху нэхъыщІхьэхэм хохьэ спорт школхэм щІэс псоми ящыщу футболым зыхуэзыгъасэхэр процент 15-м зэрынэсынур, футбол щыджэгун губгъуэ зэмылІэужьыгъуэу 392-рэ зэраухунур, Урысейм ФутболымкІэ и союзым и информацІэ-аналитикэ системэ зэгуэтым республикэм щыщ футболисту иратхаэм я бжьыгъэ щыху минги 4,5-м зэрынэсынур.

Программэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ профессиональнэ футболистхэр щагъасэ щІыналъэ центр уэхуэныр. АфІэунэ Аслъэн парламентархэм лъэІэкІэ зэхуигъэзащ мы проектыр даІыгъыну.

Докладым и кІэухым министрым фІыщІэ хуиущащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ, тхэвондомкІэ гъуэгурыкІуэ Чеченов Ануар.

Республикэ программэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм Іуэху пыухыкІахэр зэрызэфІитІыжкІыр къыхагъэщри, КЪБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм КЪБР-м и Правительствэм чэнджэщ ирагащ «2010 гъэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и Іуэхукіі» КЪБР-м и Законым къыщыгъэлъэгъуам хуэдизу ахьшэ мы Іуэхум дыдэрэ ильэсым тригъэкІуэдэну. Спортымрэ туризмэмкІэ министерствэм зыхуагъэзащ республикэм щІыху куэд зыхэт спортымрэ физкультурэмрэ зегъэужьыныкІэ къэув кьалэнхэм кьезэгъыу абы и инфраструктурэр зэтригъэувэну, мылькукІэ къызэрыгъэпэщыну, спорт школхэм, абыхэм щыІэ гъэсакІуэхэм я ожьыгъэм хитъхьэуну. Апхуэдэу зэІуцІэм къыщыхагъэщхьэхуэкІащ физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсным и мыхьэнэр щІэгъэхуэбжьауэ хэІыщІыу зэрыщыІыпхъэр.

УРЫСМАМБЭТ Белтэ,

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

●Гу зылъытапхъэ

Нотариусхэм пщІэншэу фечэнджэщ хъунущ

КЪБР-м и Президент Кьаноокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэщауэ, КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ ЦІыхухэм зэрызыкьыхуагъаззэхэм хэлпльнымкІэ я жьлагъуэ екІуэлІапІэм КЪБР-м щыпсэухэм пщІэншэу чэнджэщхэр щрат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Нотариальнэ палатэм и лэжьакІуэхэм. КъекІуэлІэхэр абыхэм щыгъуазэ ящІынущ мылъкур зэблэгъэкІыным, щІэиныр зэрагъуэщІыкІэм, зэщхьэгъусхэм зэщІыгъуэ зэрагъэпэща мылъкур зэрагъэушьм, сабийхэм папщІэ алиментхэр тынымкІэ зэрызэгурыІуэм хабзэ мардэхэм.

Нобэм кэсэуку Жылагъуэ екІуэлІапІэм зыкьыхуэзыгъаззэхэм ядалэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адвокатхэм я палатэм щыщхэр.

Нотариусхэр цІыхухэм зэрыщыщІыкІ 9.00-м щегъэжьауэ 13.00 хъуху, адэкІэ зэритым хуэдизу.

23.07.2010 гъэм - Нэгъуей Къазбэч Хьэчим и къуэр (телефоныр 8-928-708-60-33)

30.07.2010 гъэм - Бжьыней Маринэ Иван и пхъур (8-928-079-18-10)

05.08. 2010 гъэм - Нэгъуей Къазбэч Хьэчим и къуэр (8-928-708-60-33)

13.08. 2010 гъэм - Еристау Мадинэ Александр и пхъур (8-928-714-23-23)

20.08. 2010 гъэм - Бжьыней Маринэ Иван и пхъур (8-928-079-18-10)

27.08. 2010 гъэм - Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур (8-928-722-23-00)

03. 09. 2010 гъэм - Хьэкъул Майе Хьэсэн и пхъур (8-903-426-71-94)

10.09. 2010 гъэм - Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур (8-928-722-23-00)

17.09. 2010 гъэм - Качуренкэ Иннэ Александр и пхъур (8-928-080-82-20)

04.09. 2010 гъэм - Бжьыней Маринэ Иван и пхъур (8-928-079-18-10)

КОНАКОВ Хьэсэн.

●Іуэху щхьэпэ

«Библиотекэм тхылъкІэ фыхуэупсэ»

Арат зэрелж эр Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зэрихьэу Налшык дэт Льэпкъ библиотекэм щрагъэжьауэ Іуэху щхьэпэм. Ар къыззэригъэпэщащ а Іуэхущ Іапі эм и унафэщ Емуэ Анатолэ. Абы и уней тхылъ зыщІэм щыщу экземпляр 300-м щІигъу библиотекэм тыгъэ хуищащ.

- Мы Іуэхур къыщІетхъэжьам и щхьэусыгъуэ, нэхъыщхьэр Льэпкъ библиотекэм и фондыр щІэжьакІыкІуэхэм яхуэщхьэпэн тхылъхэмкІэ гъэнщІынырщ, - жиІащ Емуэ Анатолэ. - Къэралыр зэрыт экономикэ щытыкІэ гугъум библиотекэ ІэнатІэм зригъэужьырыкъым, ауэ, ар щхьэусыгъуэ тхуэмыхьэу, ди лэжьакІуэр дгъэжьІуэзэн папщІэ, тхылъыр фІыуэ зыльІагъуэр кьыхуэдожьэ библиотекэм и фондым жуэзфІэкІыкІэ хуэупсэну. Иужьрей зэманым компьютерымрэ интернетымрэ кьарит Іэмалхэр щІалэгъуалэм нэхъ убгъуагъэ кьагъэсэбэп, ауэ тхылъым хуэдэ ахэр хуиукъым. Мы Іуэхур кьыщыхэсІыхьэм мурад сщІащ ягъэ лъэбакъуэр сэ сЧыну икІи зэкІэ схуэзэфІэкІыр кьесхьэлащ.

Емуэ Анатолэ зэрыжиІамкІэ, утыку кьрихьа тхылъ купщІафІэхэр и унэ илыхьамэ, ахэр кьызыхуэщхьэпэнэр и унагъуэм исхэм я закъуэт, иджы республикэм щынэхьыфІ икІи нэхъ ин библиотекэм а тхылъхэр щыщІэлькІэ, дэтхэн зыми Іэмал яІэщ ахэр къагъэсэбэнущ.

ЩІэнхабзэм, гъуэгуанэм, политикэм, экономикэм, бзэм, тхыдэм, нэгъуэщІхэми зэрыгъэпсэлъэну тхылъ тыгъэ хуищІа тхылъхэр сэтеухуэну, егъэджакІуэхэми, библиотекэм кьекІуалІэ адрей щІэджыкІакІуэхэми къаззэрыхуэщхьэпэнум шэч хэлъкъым. Тхылъ 300-м щІигъум яхэщІ езы Анат олэ и Іэдакъэщ Іэкі-хэри и псалъалъэ гъуэгуфыкІэхэр.

ТАБЫЩ Динарэ.

ЗыхэщІаи зыхэхъуаи щыІэщ

Налшык кьалэ УВД-м и пТыыр Іуэхущ Іапі эм дыззрыт иІъэсым и мазих бдзэкІам щІыху 9604-м зыкьыхуагъэзащ. Абыхэм апкъ иткІэ угодовнэ Іуэху 1342-рэ кьалэтащ. Апхуэдэ бжьыгъэхэр кьыщыхьащ УВД-м и лІъэс ныкъуэм и дэжьыгъэм кьрикІуахэр кьыщцапщытэжа зэІущІэм.

ЦЫХУЭМ ящІэу фэбжь хьэтъэ трагъэхьным ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэр процент 27-кІэ, лей ехьыныр процент 40-кІэ, хъунщІэныр процент 12-кІэ, фэтэрэжчрэ унэхэмрэ щыцІыгъэныр процент 40-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, балигъ мыхъуахэр хабзэм зэребакъуэми ялэжьми хэщІащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нэхъыбэ хъуащ Іэщэ къагъэсэбэну ялэжь щІэпхъаджагъэхэр.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм, апхуэдэуи УВД-м и лэжьакІуэхэм щынагъуэншагъэр къыщыззрагъэпэщащ щІыху куэд хэту республикэм щІыкІэна зэхъухьэхэм. Абыхэм ящыщщ «Студент гъатхэ-2010» урысейпсо фестивалыр, шахматымкІэ «Гран-при» дунейпсо зэхъэзэхуэр, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур щагъэкІапІэм ирагъэкІуэжа зэхуэсхэр, нэгъуэщІхэри.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

●КЪБР-м и Президентым и пощт

Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа щытхъуэхэр

КЪБР-м и Президентым и Интернет-хэщІапІэм (www.president-kbr.ru) нэкъуауэгъуэм и 25-м кьыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 11 пщІондэ щыхуи 180-м зыхуагъэзащ. Процент 29-р псэупІэмкІэ гутъу зэрехьым егъэпсейтей. Процент 23-р ЖКХ-м щытыкІэм, процент 11-р ІэнатІэ зэрамыІэм теухуащ, процент 12-р щыпІэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэмкІэ арэзыкъым, проектхэм, Іуэху епТыкІэхэм, егъэджэныгъэм дэтхэнэми процент 8 хуоз, процент 6-р ухышагъэр хьуэмым ехьэлІащ, процент 3-р республикэм и Президентым хуэгъэза фІыщІэ тхыгъащ.

Жэмтхьэлэ Ищхьэрэ къуажэм щыщ Герневэ Марианнэ я жьлэм псы зэрамыІэм иротхьэусыхэ.

КЪБР-м уху ныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министр **Абрэдж Іуэнб** зэманкІэ гъунэгъум а Іуэхум унафэ тращІыхьыну къигъэгугъащ: «2012 гъэ пщІондэ Ищхьэрэ социальнэ зэрызэгъэкІынурфедеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, зыІуэ щыт заказчикым и дирекцэм «Жэмтхьэлэ Ищхьэрэ къуажэр псыкІэ кьызэрэпэщын- жьхуиІэ уху ныгъэр ирегъэкІуэкІ. Псы кІуапІэу километри 4 зэрыдалъхьам кьищынэмыщІауэ, Тамакъла щІыпІэм хуэзэу зы километрым щІигъу щаукъуэдиящ, Ардж-махуэм псы куб ометр 500 щызэхуахьэсхьну хъумапІэ, куб ометр 50-м тещІыхьа гуэщІыпІэ яухуащ, куб ометр 25-рэ зэрызэуну псы щыхьэщыпІэр щІыныр и кІэм нагъэб лагъэ. Республикэм и Президентым къалэн къажэрыщІащІам тету, къуажэр псыкІэ кьызэгъэпэщыным теуху лэжьыгъэр жьыдэжру ирагъэкІуэкІ.

Яныкъуэй къуажэм щыщ Малкандуев Елдар Налшык и уэрамхэм автомашинхэр куэд номерныщу щІыдагъэтым щІоупщІэ.

Жэуап кьрет Налшык кьалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий:

- Пьуэгум щызекІуэ хабзэхэр кьызэпызыыдухэм видеокІэ сурэт зэрытрах Іэмэпсымэхэр кьызэнэхуа нэужь, Урысей Федерацэм и адрей щІыналъэхэми хуэдэу, укьыззымыджжф, мардэм тету ямытха кьэрал дамыгъэхэр, кьэрал дамыгъэхэм я номерхэм ящыщ зы кьызэыхэтхэр, апхуэдэу хабзэм тету ямытха автомобилхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми зыубгъуауэ кьыщагъэсэбэпу щІадзащ. «Кьэрал номер» фІащу Налшыкъэ Бахъсэнрэ щрагъэжьэкІа профилактикэ Іуэхугъуэ хэхахэри хэту, етІуанэ мазищым зэфІагъэкІахэм я фІыгъэкІэ, кьэрал дамыгъэхэр зытемыльтрэ транспортхэм я бжьыгъэр хэпщІыкІыу ягъэмэщІащ. Мазитхум кьриубыдэу апхуэдэ ныкъуэсанытъэу мин 17,7-м щІигъу кьахутащ. Административнэ кодексым и статьяхэм ипкъ иткІэ, кьэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэм махуэ кьэс ику ину административнэ къуаншагъэхэм я теухуа Іуэху 170-м нэблагъэ кьаІэ т. Апхуэдэу иджыпсту хъарзынэу къагъэсэбэп «Пьуэгум зэрыщызекІуэр кьызэзыгъэпэщ центр» АПК-м «Налшык кьалэ щынагъэншэ» и системэ гуэдзэм и Іэмалхэр. А системэ гуэдзэм ирилажь кьэрал автоинспекторхэм кьэралдамыгъэ зытемыльтэ транспортым теуху хъыбарэр ДПС-м щыщхэм Іэрагъэхьэ, кьуанщэ административнэ жэуапым ирашэлІэн щхьэкІэ.

Пащыкьдэс Пэщ Еленэ етх щыпсэу урэм кьэрыль натІэр зэрегъэубыдар жьышхуэм кьыкІэричу, ар и балконыщхьэм кьызэрыкІуар.

Налшык кьалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий** зэрыжиІамкІэ, мэкъуэгъуэм и 26-м «Жилсервис» ЖЭУК ООО управляющ компанием уиэм и натІэр тэмэму зэкуигъкІуэжащ.

Налшык щыщ Кириницкая Ириня гу тъарегъатэ ПашІэмрэ Армандрэ я щІэкІэ щыІэ уэрамхэм я ІэшэлъапІэм хьэхъэнхэр куэд зэрыщыхъуэм.

Хьэгъэс Залымджэрий кьызэригъэльэгъуамкІэ, мы гъэм и мазаем кьыщыщІэдзауэ мэкъуэгъуэгъуэ щІондэ хьэ хъуленІуэ 1964-рэ кьуэбыдащ. Абыхэм ящыщу 46-р ПащІэмрэ Армандрэ я щІэкІэ щыІэ уэрамхэм кьыдащащ. А лэжьыгъэм пащэ.

Мэзкуу щыпсэу Уанашэ Анжеликэ КъБР-м и Президентым къолъэІу «дъэрныым и псэкупсэ щэнхабзэм и кьежьапІэ нэсу» кьыльытэ «Нарт эпос» тхылъыр кьыдэгъэкІыжьыным хэлІыкІыныну.

Жэуап кьрет КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Карчаевэ Амин:

- «Эль-фа» тхылъ тедзапІэ центрымрэ «Ашэмэз» тхылъ тедзапІэ компаниимрэ 2002 гъэм кьыдагъэкІыжащ «Нартхэр» къэбэрдей эпосыр. Абы и тхыгъэхэри сурэтхэри зыкІи кьыщцхьщыкІыркъым нэхьапэм кьыщэкІауэ щыта «Нартхэр. Къэбэрдей эпос» тхылъым. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэужтэныгъэ хэмкІэ и институтым и щІэныгъэлІ нэхъ Іэзэхэр зыхэт гупым нарт эпосыр кьыззрауэтэжа бзэхэмкІэ (урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ икІи хэзыгъэзгъаззэхэр щыгъуажу) кьызэрыдагъэхІыныным хуагъэхьэзыр, мы-ихьэншхэ зиІэ апхуэдэ Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІыныр зэрыдэпІыгъым щхьэкІэ берычэт бесын бжьыэоЗ», - кьыхигъащ Адыгеим Мэкъуогъ.

КЪБР-м и Президентым дежь коррупцэм пэщІэтынымкІэ щыІэ 47-17-79; 47-52-56 телефонхэр, дапщащэ хуэдэу, зэпыньмкІэ мэлажьэ. Зи гугъу тщы зэманым кьрибубыдэу щыху 40 абыхэмкІэ псэпъащ.

НЫР Залинэ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Узыншагъэм, гъэсэныгъэм я къежьапІэ

●КЪБР-м и Парламентым

«КЪБР-м 2009-2015 гъэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар зрагъэзащІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха сыхьэтым.

КЪБРм СПОРТЫМРЭ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн ищІа докладым къыщигъэльэгъуащ идкьыпсту физкультурэмрэ спортымрэ ди дежь зэрыщыІэзэгъэувам, а ІэнатІэм къыщыхъуа зэхъуэкІныгъэхэм, цІыху куэд зыхэт физкультурэ зэщІэхьеныгъэмрэ профессионалнэ спортымрэ мылькукІэ, ахьшэкІэ къызэрыгъэзэрагъэпэщым.

Нэгъабэ Зенкъуэ, Джэрпэджэж къуажэхэм спорт залыщІэхэр дащІыхьащ, Щхьэлыкъуэ къуажэм дзюдом зыщыхуагъасэ пэш къыщыІуахэщ, Псыгуэнсу къуажэм спорт комплексыщІэ щыпсэжьэу хусжьащ. Налшык кьалэм узынщагъэр щрагъэфІакІуэу дэт физкультурэмкІэ унэр щызэрагъэпэщыжащ, Къулькъужьын къуажэми спорт комплекс зэгъэпэща лажьэу щаутІыпщащ. Футбол джэгуПІэхэр къыщызэрагъэпэщащ Прохладнэ, Нарткъалэ кьалэхэм, апхуэдэ губгъуэ зыхуэят щыхуагъазэ Бахъсэн кьалэми. Мини-футболым дихьэххэм я джэгупІэ щащІ Лэскэн районымрэ Тырныауз кьалэмрэ.

Спортым дихьэххэм зыщІагъэкъуэн, ахэр нэхъри трагъэгушхуэн папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ КЪБР-м и Президиум и стипендиехэмрэ ахьшэ саугъэтхэкІэ.

АфІэунэ Аслъэн

Ди республикэм мыхьэнэ нэхъыбэ щиІэ мэхъу урысейпсо, дунейпсо спорт зэщІэхьеныгъэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкІэ. Кавказ Ищхьэрэм спорт зэхьэзэхуэ инхэр къыщыдзэгъэпэщыныкІэ республикэм щІыналъэ центру зэтеуцуж хусжьащ. Абы и щыхьэтщ 2009, 2010 гъэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм дунейпсо турниру 4, Урысейм и чемпионату 4, спорт лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкІэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьыныкІэ зэхьэзэхуэу 6, урысейпсо турниру 14, республикэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиІэ зэхьэзэхуэу 250-м щІигъу зэрыщрагъэкІуэкІар.

АфІэунэ Аслъэн кьыхигъэщхьэхуэкІащ «Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр (2006-2015 гъэхэм)» Федеральнэ программэ хэхамрэ «УФ-м футболым зыщегъэужьыныр (2008-2015 гъэхэм)» абы и программэ гуэдзэмрэ хиубыдэу «КЪБР-м футболым зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщІэным кьыдэкІуэну Іуэху нэхъыщІхьэхэм хохьэ спорт школхэм щІэс псоми ящыщу футболым зыхуэзыгъасэхэр процент 15-м зэрынэсынур, футбол щыджэгун губгъуэ зэмылІэужьыгъуэу 392-рэ зэраухунур, Урысейм ФутболымкІэ и союзым и информацІэ-аналитикэ системэ зэгуэтым республикэм щыщ футболисту иратхаэм я бжьыгъэ щыху минги 4,5-м зэрынэсынур.

Программэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ профессиональнэ футболистхэр щагъасэ щІыналъэ центр уэхуэныр. АфІэунэ Аслъэн парламентархэм лъэІэкІэ зэхуигъэзащ мы проектыр даІыгъыну.

Докладым и кІэухым министрым фІыщІэ хуиущащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ, тхэвондомкІэ гъуэгурыкІуэ Чеченов Ануар.

Республикэ программэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм Іуэху пыухыкІахэр зэрызэфІитІыжкІыр къыхагъэщри, КЪБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм КЪБР-м и Правительствэм чэнджэщ ирагащ «2010 гъэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и Іуэхукіі» КЪБР-м и Законым къыщыгъэлъэгъуам хуэдизу ахьшэ мы Іуэхум дыдэрэ ильэсым тригъэкІуэдэну. Спортымрэ туризмэмкІэ министерствэм зыхуагъэзащ республикэм щІыху куэд зыхэт спортымрэ физкультурэмрэ зегъэужьыныкІэ къэув кьалэнхэм кьезэгъыу абы и инфраструктурэр зэтригъэувэну, мылькукІэ къызэрыгъэпэщыну, спорт школхэм, абыхэм щыІэ гъэсакІуэхэм я ожьыгъэм хитъхьэуну. Апхуэдэу зэІущІэм къыщыхагъэщхьэхуэкІащ физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсным и мыхьэнэр щІэгъэхуэбжьауэ хэІыщІыу зэрыщыІыпхъэр.

УРЫСМАМБЭТ Белтэ,

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

●Гу зылъытапхъэ

Нотариусхэм пщІэншэу фечэнджэщ хъунущ

КЪБР-м и Президент Кьаноокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэщауэ, КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ ЦІыхухэм зэрызыкьыхуагъаззэхэм хэлпльнымкІэ я жьлагъуэ екІуэлІапІэм КЪБР-м щыпсэухэм пщІэншэу чэнджэщхэр щрат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Нотариальнэ палатэм и лэжьакІуэхэм. КъекІуэлІэхэр абыхэм щыгъуазэ ящІынущ мылъкур зэблэгъэкІыным, щІэиныр зэрагъуэщІыкІэм, зэщхьэгъусхэм зэщІыгъуэ зэрагъэпэща мылъкур зэрагъэушьм, сабийхэм папщІэ алиментхэр тынымкІэ зэрызэгурыІуэм хабзэ мардэхэм.

Нобэм кэсэуку Жылагъуэ екІуэлІапІэм зыкьыхуэзыгъаззэхэм ядалэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адвокатхэм я палатэм щыщхэр.

Нотариусхэр цІыхухэм зэрыщыІ 9.00-м щегъэжьауэ 13.00 хъуху, адэкІэ зэритым хуэдэу.

23.07.2010 гъэм - Нэгъуей Къазбэч Хьэчим и къуэр (телефоныр 8-928-708-60-33)

30.07.2010 гъэм - Бжьыней Маринэ Иван и пхъур (8-928-079-18-10)

05.08. 2010 гъэм - Нэгъуей Къазбэч Хьэчим и къуэр (8-928-708-60-33)

13.08. 2010 гъэм - Еристау Мадинэ Александр и пхъур (8-928-714-23-23)

20.08. 2010 гъэм - Бжьыней Маринэ Иван и пхъур (8-928-079-18-10)

27.08. 2010 гъэм - Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур (8-928-722-23-00)

03. 09. 2010 гъэм - Хьэкъул Майе Хьэсэн и пхъур (8-903-426-71-94)

10.09. 2010 гъэм - Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур (8-928-722-23-00)

17.09. 2010 гъэм - Качуренкэ Иннэ Александр и пхъур (8-928-080-82-20)

04.09. 2010 гъэм - Бжьыней Маринэ Иван и пхъур (8-928-079-18-10)

КОНАКОВ Хьэсэн.

●Іуэху щхьэпэ

«Библиотекэм тхылъкІэ фыхуэупсэ»

Арат зэрелж эр Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зэрихьэу Налшык дэт Льэпкъ библиотекэм щрагъэжьауэ Іуэху щхьэпэм. Ар къыззэригъэпэщащ а Іуэхущ Іапі эм и унафэщ Емуэ Анатолэ. Абы и уней тхылъ хуищІэм щыщу экземпляр 300-м щІигъу библиотекэм тыгъэ хуищащ.

- Мы Іуэхур къыщІетхъэжьам и щхьэусыгъуэ, нэхъыщхьэр Льэпкъ библиотекэм и фондыр щІэжьакІыкІуэхэм яхуэщхьэпэн тхылъхэмкІэ гъэнщІынырщ, - жиІащ Емуэ Анатолэ. - Къэралыр зэрыт экономикэ щытыкІэ гугъум библиотекэ ІэнатІэм зригъэужьырыкъым, ауэ, ар щхьэусыгъуэ тхуэмыхьэу, ди лэжьакІуэр дгъэжьІуэзэн папщІэ, тхылъыр фІыуэ зыльІагъуэр кьыхуэдожьэ библиотекэм и фондым жуэзфІэкІыкІэ хуэупсэну. Иужьрей зэманым компьютерымрэ интернетымрэ кьарит Іэмалхэр щІалэгъуалэм нэхъ убгъуагъэ кьагъэсэбэп, ауэ тхылъым хуэдэ ахэр хуиукъым. Мы Іуэхур кьыщыхэсІыхьэм мурад сщІащ ягъэ лъэбакъуэр сэ сЧыну икІи зэкІэ схуэзэфІэкІыр кьесхьэлащ.

Емуэ Анатолэ зэрыжиІамкІэ, утыку кьрихьа тхылъ купщІафІэхэр и унэ илыхьамэ, ахэр кьызыхуэщхьэпэнэр и унагъуэм исхэм я закъуэт, иджы республикэм щынэхьыфІ икІи нэхъ ин библиотекэм а тхылъхэр щыщІэлькІэ, дэ

Азатыжь Хьэшыр Чылар и лIыгъэ

●Іуащхьэмахуэ теухуа псалъэ

УщкIэ къокIуэ

Минрэ щийрэ тIощIрэ ещана гъэм Кавказ Ипщэм щыIа урысыдзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэу мэуф генерал Эмануэль... Зи щIыкIэр иныр щытащ Урысей пащтыхым и адъютанту...

АБЫ УНАФЭ кIыIэрыхьащ иныжь ещхь куэдкIэ ирагъэкIуэкIа зауэм иригъэшу сабыр хъуа адыгэхэр кIыдихьахыну.

Мундирым и пIэкIэ Эмануэль зыщитIэгъащ адыгэ фащэр, ауэ генерал дамэтелъхэр телъу, хьэзырхэм я щхьэIуэкIэ Георгий жорыр хэлъу Жанхъуэт, Урысбий, Абыкъуэ пщыхэм яхуебгъэгъащ. Санкт-Петербург хуит зыкъыригъэщIащ бгырысхэм я диным, хабзэм, нэмысым пщIэ хуищIыну...

Адыгэхэмрэ къэрэшейхэмрэ я щIыр щыхэпыхьэм, Псыхъуабэ псыхъуэм и щхьэм деж щыт къалэжь щIыкIур - Нартсанэ - фэнщэщ, ауэ ихъуреягъым псы хущхьуэхэр куэду къыщыщIож. Къалэр тIэкIу зэIуэзэпэщ ищIын, фэ къытригъэуэн щхьэкIэ Италием къырригъэщащ архитектор Бернардацци Джузеппе.

Араци, Эмануэль щыIэщ бгырысхэм я лъахэм, пэгъунэгъу дыдэщ езы Іуащхьэмахуэ. ЩIэныгъэм и хьэтыркIэ, ар дэкIынущ Іуащхьэмахуэ. Экспедицэм текIуэдэнур яфIэкуэдыIуэщ къулыкъущIэхэм: къабжащ сом мин щэщI, ауэ академием иЕр 8 къудейрщ.

- ИльэсиплI и пэкIэ Къэбэрдеймкlэ сыпхрыкIауэ щытащ, - жиIащ Эмануэль, - къызэрыщIэкIымкIэ, абы ипщэр Мысырым щыщщ.

Щэч хэмылъу, абы и гум къэкIат экспедицэм ихьыну ахьыпр къэбэрдейхэм я фэм къыдихьыну.

- ДевгъэпIэщIэкI! Дэ къытпоплъэ Іуащхьэмахуэ, - зэпишащ генералым.

Пщыхьэщхьэм къыхуахьащ Аристотель и тхылъ цIыкIу:

"Кавказым и Ипщэ КъухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэщ къурш нэхъ уардэ дыдэр. Абы и лъагагъым и щыхьэтщ и щыгур дэнэ лъэныкъэкIэ, ущыIэми зэрыплъагъур, уеблэмэ Мэуэт гуэлым (Іуэзв тенджыз) деж ущыIэми. Абы и аузхэм щопсэу лъэпкъ куэд, гуэлышхуи щыIэу жаIэ".

1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Балькъ тет Каменномост быдапIэм деж и шыр къыщыжьэдихьауэ Эмануэль. Топхэр зэдэуащ, фIэхъус ирату.

Сабэр драпхьейрт гъэугум сатыр кIыхьу кърикIуэ дзэм - мыжърэзехьэу 650-рэ, сэшхуэ зыIыгъуу 350-рэ, топитI, лъэсырызекIуэхэр, къэзакъхэр, штабнойхэр, накъырапщитI, бэрэбэнауэ, гъуэгугъэлъагъуэхэр, тэрмэшхэр, щыхэр, махъшэхэр...

Бгыхэр гъунэгъу къэхъурт. Гупыр къуршым къыщежьэ ауэхэм я зым дыхьащ, Урды, Балькъ, Хьэсэут псыхэм зэпрыкIащ...

Аха Урды бгым и лъапэм и деж къыщыувыIащ...

Къэзакъым и фий макъ къэIущ. Шу гуэрэн генералым и шэтырым и гупэм и деж къыщыувыIащ:

- Сабэ къохьеI мо лъэныкъуэмкIэ, жьы къемыпщэу, шу гуп къоблагъэ.

- Іэщэ яIыгъ?

- ЯIыгъщ, ауэ замыгъэпщкIуу къокIуэ.

- ХьэмкIэуи?

- Хьэуэ, ущкIэ.

Генералым и бгырыпхыр щIикъузащ:

- Мо щыгум къэзакъхэр дэвгъэкIуей, зыми ямылъагъуну...

- ФIэхъус! - сэлам кърахащ къэблэгъапэу къепсыха шухэм...

- Фыкъеблагъэ! Сэлам узох, пщышхуэ, - жреIэ генералым Жанхъуэт Кушыку.

Къэзакым лъэрыгъыр иубыдащ. Шур къепсыхри, генералым и Іэр гуапэу икъузащ.

Зэпсэльахэщ. Генералым тхьэ иIуащ зауэ Іуэху зэримыхуэу, - Іуащхьэмахуэ дэкIыну и мурад арауэ. Зэгъусэу шей ефахэщ. Тыгъэхэр зэIэпахащ.

Ежьэжьыну къэтэджыжауэ, пщы уэлпим зыбгъэдишащ бгырыс лIы къуэгъу гуэр: "Чылари модрей тхури уи гъусэкIэщ, псори щакIуэ Іуэзэхэщ. Бгыхэр яцIыху... Уэ уздыхуеим кIуэнущ, уи унафэр ягъэзэщIэнущ".

СИМОНОВ Евгений.

"Іуащхьэмахуэ теухуа псалъэ" тхылъым къыхэтхащ.



Хьэшыр Чылар и сурэтыр Кастромин Михаил ищIащ.

ПцIы быупсынумэ...

Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ бгыр къэгъэIурышIэныр, абы и щыгум дэкIыныр, джыныр щIыхь зиIэ къалэну и зэманым кьылыгъэщащ урыс пащтыхым.

А мурадым папщIэ хэхауэ 1829 гъэм кьызэрагъэпэщыгъащ еджагъэшхуэ, дзэпш щIэрыIуэ, ІэщlагъэлI зэхуэмыдэхэр зыхэта экспедицэ.

Абыхэм гъэзэгугъэлъагъуэу яIащ бгырыс лъэпкъхэм (адыгэхэм, балькъэрхэм, къэрэшейхэм) ящыщхэри.

Зэрыхъуамкlэ, экспедицэм хэта гупым щыщу Іуащхьэмахуэ ягъэ дэкIыныр зи кьарум кьихьар, зыхуэзфIэкIар адыгэлI щэджащэ Хьэшыр Чыларщ.

ДУНЕЙПСО мыхьэнэ зиIэ, тхыдэм хыхьэ а Іуэхугъуэгъэ зи щIэм пыщIа адыгэлым и фэепльыр гъэльэпIэн, ар цIыхубзм ящIэн папщIэ лэжьыпхъэфI Іэджэ екIуэкIыгъащ. А лэжьыпхьэхэр куэду дзэгъуэу кьыхощык аужырым щахъума дзэфтэрхэм, гукъэкIык тхыгъэхэм, запискэхэм, письмохэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм.

Іуащхьэмахуэ ягъэу дэкIам ехьэлIа, теухуа архив материалхэм, документхэм къэрэшей щIэныгъэрылажьэхэр щыгъуазэмэ, езыхэр зэрыхуейуэ Іуэхур кьыщIрагъэз. Абыхэм щэ ч лъэпкъ кьыграмрыхьэжу, я фIэщу жаIэ, ятх Хьэшыр Чылар мыадыгъу, атIэ кьэрэшейуэ. Араш зыщIагъэджьыкIыр нобэ щIэблэр, еджакIуэхэр.

ПэщIэдзэ классхэм папщIэ краеведенэмкIэ зэреджэн пособие зытха, Кьэрэшей-Шэрджэс педуниверситетым и профессор Хапаев Сафар щхьэихауэ етх: "Впервые совершил восхождение на Эльбрус в 1829 году карачаевец Килар Хаширов, житель а. Учкулан" (С.А. Хапаев. "Карачаево-Черкесия - наш край родной". Черкесск, 1992 гъэ, 11-нэ напэ).

Кьэрэшей щIэныгъэлIкIэр тесабырэкым, увыIэркым.

Іуащхьэмахуэ щыгу ягъэу дэкIар лIакъуэкIэ, зыщыщкIэ балькъэру кьызыхэщ тхыгъэ Гиннесс и тхылъым (Книга рекордов Гиннесса. Москва - Лондон, 1993 гъэ, 234-нэ напэ) кьытрырагъэдзащ.

Ягъ дыдэ Іуащхьэмахуэ щыхуэ зэрыдэкIрэ илъэсиI 175-рэ щыхъум ирихьэлIэу щыпIэ унафэщIхэм я Іизын хэлъу аргуэру зы Іуэхугъуэ кьэрэшейхэм ирагъэкIуэкIащ.

"Къэрэшей лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэр" псалъащхьэм щIэту Карачаевск кьалэм дэт щыхъ- пхъэбгъуэм ирагъэкIащ Іуащхьэмахуэ ягъэ дэкIа цIыхум и сурэтымрэ ар зыгъэнаIуэ псалъэхэмрэ. Мис абы тетыр:

"Хачиров (Хыйса) Киляр (1796-1875)

Первый покоритель Эльбруса в 1829 году 21 июля".

ПцIы быупсынумэ, лIам телъхьэ жыхуаIэращ.

ПЩЫБИЙ Инал,

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и профессор. 2004 гъэ.

Текст чугунной плиты, посвященной подвигу Киляра Хаширова

В царствование Всероссийского Императора Николая I стоял здесь лагерем с 8 по 11 июля 1829 года командующий на кавказской линии генерал от кавалерии Георгий Емануель.

При нем находились: сын его Георгий 14 лет, посланные российским правительством академики: Купфер, Ленц, Менетрие и Мейер, так же чиновник горного корпуса Вансович, минеральных вод архитектор гос. Бернардацци и венгерский путешественник Ив. Бессе.

Академики и Бернардацци, оставив лагерь расположенный в 8000 футах (т.е. 1143 саженях) выше морской поверхности, всходили 10 числа на Эльбрус до 15700 футов (2243 саженей) вершины же онаго 16330 футов (2333 саженей) достиг только кабардинец Хилар.

Пусть сей скромный камень передаст потомству имена тех, кои первые проложили путь к достижению поныне почитавшегося неприступным Эльбруса!

Отлита в Луганском заводе в 1899 году

Япэ лъагъуэ

Бадзэуэгъуэм и 21-м пщэдджыжьыр сыхьэтыр 10-м Купфер, Ленц, Менетрие, Бернардацци, езыхэм яфIэфIу къахьыхьа къэзакъ тIощI, гъэзэгъ гъэлъагъуэхэр я гъусэу, хэщIапIэм текIри, Кавказым и бгы нэхъ лъагэ дыдэм кIэрыхьащ.

СЫХЬЭТИХКIЭ кIуэ ижь, уэсым нэсахэщ. Ахэр лъэныкъуэ псомкIи кууэ къэна кьырхэм нэсащ. Зы кьыр гуэрым и щIагъым нэху кьыщекIащ.

Бадзэуэгъуэм и 22-м жэщыр сыхьэтищым нэблэгъауэ маазэм и нэхум хэту гупыр Іуащхьэмахуэ и КъэкIыпIэ щыгум дэкIыу хуежьащ.

Метр 4270-м нэсауэ Купферрэ абы щIыгъуэхэмрэ адэкIэ зэрымыкIуэжьфыкIыр белджылы хъуащ.

Экспедицэм хэтахэм ящыщу Хьэшыр Чылар и закъуэщ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэт 11-м Іуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфар.

Еджагъэшхэхэмрэ Чыларрэ Іуащ зэрыдэкIым зэпымыууэ кIэлъыплъащ Іуащхьэ пIабжьэр зи хэщIапIэхэр. Эмануэль иныгъ Купфер кьрита нэрыплъэ гъуэзэджэщ. ХэщIапIэм щыIэхэм яльэгъуащ гупыр къызэрехьжыр, Ленц и увыIэпIэр, апхуэдэу Чылар щыгум зэрыдэкIар. Чылар щыгум нэса иужь Іуащхьэмахуэ къызэрагъэIурыщIам и щIыхькIэ хэщIапIэм фочхэр щагъэуащ.

«Щыгум нэсыфа Чылар дэ нэхъри нэхъ Іэзэу кьыгъэсэбгащ пщэдджыжь хьэуам и щIыгъыр, - итхыжащ иужькIэ Купфер. - Ар дэ куэдкIэ ди ягъэ уэсыр сыт хуэдэ зэманри зытемыкI щIыпIэм нэсащ икIи Ленц езым и ужьрей увыIэпIэм щынэблагъам, Чылар кьигъэззжауэ щыгум къехьжьыр. Щынэ зымыщIэ щагкIуэу щыт абы щIыналъэр фIы дыдэу ицIыхурт икIи бгы лъагэхэм дэкIыфу зригъэсат. Ар хэщIапIэм дэ ди ягъ кьэсыжащ езым зэрилъ лIыгъэм папщIэ кьаззэригъэгупа саугъэтыр Эмануэль кьыIихын папщIэ. АрщхьэкIэ иужьрейр дэ кьытпэплъащ гуфIэгъуэ дыдэхэту поплъэ тIэтын папщIэ.

Бгым къехьжа Чылар яфIэтельыдджэу кьеплъыт экспедицэм хэт псори - ар иджыри къэс цIыху зыдэмыкIыфIыну кьалъытэу щыта Іуащхьэмахуэ и щыгум щыIат. Ар ящыишна-къым лъагагъми, зэи къэмыкIу мыльилъхэсми, а бгым и щхьэм нэса дэхэнэри фIэкIыпIэ имыIэу зэрыхэкIуэдэнум теухуауэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ хьабарми. ГуфIэгъуэ щытыкIэм итугенерал Эмануэль гъуэгу-гъэлъагъуэ Хьэшыр Чылар сом 400-рэ цеипхэ щэкIрэ саугъэту иритащ».

ЦIыхуэр ягъэ Іуащхьэмахуэ зэрыдэкIам кьыхэкIыу 1829 гъэм шыгум плитауэ 2 ягъэжащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Кушмэзыкъуей къуажэм (иджы Бахъсэн районым щыщ Старэ Крепость къуажэ) щыщ адыгэ мэкъумэшыщIэ къызэрыгъэкIыр Іуащхьэмахуэ ягъэ дэкIащ.

БАЙДАЕВ Мусэ.

Фэеплъ дамыгъэхэр

Іуащхьэмахуэ... Щыгум тIэиIэ а Іуащхьэ уардэм ящ дыдэу дэкIащ адыгэлI Хьэшыр Чылар. 1829 гъэм къэхуа а Іуэхугъуэр ильэси 150-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ медаль кьыдагъэкIащ.

НЭГЪУЭЩI медали кьыдэкIащ а махуэм и щIыхькIэ. Абы тетщ Кавказым и кьэхутакIуэ-щIэныгъэлI, дзэ топографикIи альпинист Пастухов А. В.

Мис иджыри нэгъуэщI зы медаль-фэеплъ. Абы и Іуплъапlэ лъэныкъуэм тетщ бгым и теплъэ, мыпхуэдэу тетхауэ: "Іуащхьэмахуэ лъапэ, Къэбэрдей-Балькъэр АССР", и щIыбагъ лъэныкъуэмкIэ мы усэр тетхащ:

"Гъунапкъэншэщ,
уардэщ икIи нахуэщ
Къуршыжьхэм я
дамыгъэр".

Іуащхьэмахуэ теухуа медалхэр, дамыгъэхэр, тхылъхэр зэхуихьэсащ Ставропольсм щыпсэу краевед Виноградов Б. С. Абы и фэтэр мыиныр музей дыдэ ищIащ.

"Труд" газет, 1977 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м.

Бгы ябгэм и щыгум

Генерал Эмануэль зэрызэхихымкIэ, Іуащхьэмахуэ и хьуреягъыр щэдыпльэт, убгъэдыхьэни удэкIыни пльэкIынутэкъым. Къуршым щихьам щыгуэ генералым и нэкIэ ильэгъуащ аз эрыегъэлеяр. Іуащхьэмахуэ льапэ зыхутэн экспедицэ кьызэригъэпэщын мурад ищIащ Эмануэль икIи Академием хуитащ апхуэдэ экспедицэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэнур.

АКАДЕМИЕР акъылэгъу хьащ. Эмануэль и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэща экспедицэм унафэщI хуащIащ академик Купфер, абы хагъэхьащ Академием и адъюнкт Ленц (физикэ Іуэхухэмкlэ), Дерпт университетым и егъэджакIуэ Мейер (ботаникэ Іуэхухэмкlэ), Академием и зоологическэ кабинетым и лэжьакIуэ Менетрие сымэ. Экспедицэм гъуэз хуащIащ геологием фIыуэ хэзыщIыкI ІэщlагъэлIи.

Мэкъуауэгъуэ маазэм и 28-м, шэджагъуэ нэужьым, сыхьэтиплIым деж, академикхэри дзэ пакIи щIыгъу, Псыхуабэ щежьэри, Іуащхьэмахуэкlэ иунэтIащ Эмануэль. Балькъ псыхьуэ дэтурэ МывэЛъэмыжым нэсри, жэщыр абдеж щрахащ. Къэрэшей тхьэмадзэмрэ кьэбэрдеипщ зыбжанэрэ кьапежьащ экспедицэм, хьэщIагъэ кьрахьи мурад ящIауэ жаIэри. КьащIыпежьар нэгъэущIт - экспедицэм и мурадыр зрагъэщIэн щхьэкIэт. Генералым абыхэм яжриIащ Іей ягу зэримылъыр, зауэ ярищIылIэн папщIэ кьэзэремыжьар, кьыщIежьар бгылъэ щIыпIэхэм щыгъуаэз зыхуащIын, кьэкIыгъэ, мывэ хуэдэхэр зэхуахьэсын, иджыри кьэс зыми зримыкуфа Іуащхьэмахуэ, яхуэзфIэкIмэ, дэкIын мурад зэрэIэр. Т хьэмадж эр тесабырэжащ, тыгъэ гуэркIэ хуэупсати, Іуащхьэмахуэ льапэ нэс ядэкIуэтэнри арэзы хьуащ, гъуэгу ирагъэльагъуурэ. Мывэ Лъэмыжым деж щежьэри, Іуащхьэмахуэкlэ иунэтIащ экспедицэм. Зрача кьудейуэ, дунейр кьызэIыхьащ, пшагъуэ кьытрихуащ, уэшхым кьыщIидзащ.

Бадзэуэгъуэ маазэм и 8-м уэфI хьужащ. Топхэмрэ хьэпшыт хьэльэхэмрэ Хьэрбэз псыхьуэ кьыдинэри, Эмануэль БалькъкIэ дэкIуежащ, ар кьыщыщIэж Іуащхьэмахуэ льапэ нэсащ.

Къэзакъхэмрэ адыгэхэмрэ зэхуишэри, Эмануэль яжриIащ Іуащхьэмахуэ и щыгум ягъэ нэсым сом 400 зэрыритынур. Сыхьэтыр пщIым заIэтащ. Балькъ зэпрыкIа нэужь, академикхэр шым епсыхьэн хуей хьуащ. Лъэс защIри, сыхьэтихкIэ кIуауэ Іуащхьэмахуэ кIэрыпль уэсым хьыхьащ - махуэр сыхьэтиплIым нэсат абы щыгъуэ. Жэщыр абдеж щрахащ - Іуащхьэмахуэ джабэм. Пщэдджыжьым жьыуэ, сыхьэтишым деж, гъуэгу телъэжащ. Гъуэгур шынагъуэ дыдэ хьуащ: уэсыр мэткIу, мывэ кIэщхьым уигъэбакъуэркъым, мывэ дзакIэхэм укъауI, дыгъэр кьыжьэхолыдэри уигъапlъэркъым, убэлэрыгъаэ, мыл дурэшм удэхуэныр бетэмалщ.

Академикхэм кьызэральитамкIэ, Іуащхьэмахуэ и щыгум уихьэн папщIэ, фут 1400-рэ дэлът иджыри. Апхуэдизкьахуэнэжкауэ, кьызэтеувыIэн хуей хьуащ, адэкIэ кIуэфынутэкъыми. Ленц адыгитIрэ зы кьэзакьрэ зыщIигъури, бгым кIэрыхьащ, Іуащхьэмахуэ и щыгум нэсын мурад ищIауэ. Щыгум нэсыным фут 600 хуэдизкьэнауэ, Ленц и льэр щIэхури лъэбакъуэ хуэчыжакъым. Академикхэм бгым кьрагъэзэлыхьжащ, адыгэхэм ящыщ зы, Чыларкlэ зэджэ кьэбэрдей щIалэр, яхэкIри, и закъуэ дэкIащ Іуащхьэмахуэ. Сыхьэтыр пщыкIуэм Чылар Іуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм кьытеуващ. Бгы льапэм здытетым, генерал Эмануэль нэрыплъэкIэ ильэгъущ Іуащхьэмахуэ и щыгу кьиува Чылар, генералым щыIэгъуэхэми ялъэгъуащ ар, бгым нэрыплъэкIэ дэплъейри. Топ ягъэуащ аусыхьэтым, Іуащхьэмахуэ и щыгум цIыху зэрынэсам и хьыбар ягъэIуу. Бгым кIэрыхьа академикхэр кьэмысыжь щIыкIэ, Чылар Іуащхьэмахуэ кьехьыжри, Генералым абы ирит щI кьызэрригъэгугъа ахьышэр, ахьшэм щIигъащ зы цеяпхэ. Щэджагъэашхэ щышхэм, Чылар ехьэухьэри, бжьэ кьиIэтащ Эмануэль.

1851 гъэм Бытырбыху кьыщыдэкIа "Жизнеописание генерала от кавалерии Эмануэля" тхылъым зэрэтымкIэ.

1829 гъэ

ЯмыIэт щхьэх, ямыщIэ т еш
И бынхэм адыгэ щIынатъэм.
Ягъэ хъурт Іэщ, ягъэкIырт мэш, -
Яхьт гъащIэр, я Іэр Іуэхум хэльу.

Псэхуп1э бийхэм кърамыт.
Арат кьыщIащтэр куэдрэ Іэщэр.
Шагъдийхэм щэсмэ - псори нартт,
Ажалт зыIуащIэр, я псэм кьещэр...

Щхьэ къэIэтыпIэ ямыгъуэт
Къудейуэ арагъэнт, армыхьумэ
Мы дуней псом Іуэху кьащыхъуа
Я Іуащхьэмахуэу зи щхьэр тхъуам
Щхьэ зыпI дэмыкIрэт,
зэ нэхъ мыхъумэ?!

... Я пашэу Купфер кьызэхуос
Щыху куэд хуэIэкIуэльакIуэу
къуршхэм.
Лъагапlэм дэкIын гуп зэхашэ.
Абы, иIыгъыу Іэхъуэ башыр,
Яхохьэ ди зы кьуажэдэс.

Мыл гъуэгум гугъуу лъэр щыщIокI.
Хьэуар мэхъу мащIэ, зыпIэтыхукIэ.
Кьигъаззу хамыбжэм хуэмыхум,
Иуки1ми идэу, кьуакIэм джэуэ,
АдыгэлI лъэщщыр кьуршым докI.

Лъагапlэм хэти нрикуфмн,
Лъагапlэм хэти пэмыльэщ.
Бгы задэм щIакIуэм телъу Купфер
Кьырахьэхьжьыр... КIэрощэщ
Апхуэдэ защIэуэр щIыгъуаэр.

Жьапщэшхуэ гъуэгум кьыщIхьуащ,
Бащтьыкъ хужь щIалэр еутхыпщI.
ИтIанн хахуэр макIуэр, мэпщ,
Кьаруэу иIэр зэщIикъуауэ...

Жьжьащэ имыхьахэр зи лъэ,
Уэх гуэрым гупу щызэхэтщ.
Іэрпхъуэру зэIэпах нэрыплъэр,
Телъыджэ кьащыхъуауэ зэптъхэр
И щыгум Іуащхьэмахуэ тетщ:

...ИгъащIм гъащIм зэреплъар
Апхуэдэу хъунщ адыгэ нэсыр:
И напэм, iIыгъэм Іуэжр нэсым,
КьинкIуэт нIэнкъым пыту и псэр, -
ЩIэнщ ищIар Хьэшыр Чылар!

БИЦУ Анатолэ.

Лъэпкъым илI

Хьэшыр Чылар и фэеплъу

Зы лIэщIыгъуэм пхыльыдкIрэ лIыгъэр
Лъэпкъым и гум ехуэбыIэфам,
УнкIыфIыжькъым мис апхуэдэ лIыгъэр,
ПIэщIыгъунщэ кьигъэщIам.

Ар и щапхъэщ нобэ лIыгъэ зыщIэм.
КIуэцIыльэжу лIым хуэфащэ лIыгъ,
(Къегъэзэжри шынэр зыхэзыщIэм)
ЗыIи дэкIакъэ Іуащхьэмахуэ щыгу!

Бгы гуэрауэ, кьункIуэтакъым лIыр
Щыгум и лъэр щынихьэсым ящэу,
Игъэщтакъым щIыIэм щIэта гъыр,
ЛIым и гъащIэр пызолъытыр напэм.

Ар ерыщу щыгум щытехьам,
Жьыр кьеубзэрг и нэкIуэщхъэ пльам.
Пшэм, щхьэну, лIыгъэ зезыхьам
ЗриншэкIырт, хуэдэу ар пIыщIам.

Іуащхьэмахуэ и мыл пIыЗ кьащхъуэу
Хущхьэрихри, зигъэщхьат пльэкIам –
Уэгу фэеплъу езыр а лIы щыпкъэр
А и пIыЗм уардэу темытам...

БРАИ Адэлбий.

Гъуэгугъэлъагъуэ

Альпинисту ар щытакъым,
Бгы дэкIыни имыIуэхут.
ХамэщI цIыхухэр, кьыщетъэIум,
Гъуэгугъэлъагъуэ ар ящохуэ.

Іуащхьэмахуэ ящидышну,
Абы ахэр ирешажьэ.
Ауэ бгыщхьэм нэс дэкIыну,
ЗыльэкIар езым и закъуэ.

Пшэ зэпщIахэм кьахуеплъыхьу,
Бгым и щыгум зыщIиплъыхьт.
АдыгэлIым, иГу кьымыкIыу
Кьыхуихьауэ лъэпкъым щIыхь.

БАЛЭ Хьэзрэт-Алий.

БАЙДАЕВ Мусэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Ар джэгукІэ хъуакъым

●Футбол



Дядюнрэ Нэхущымрэ я зэпэщІэтыныгъэ.

«Сатурн» (Москва область) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (3:0). Раменское. «Сатурн» стадион. Бадзэуэгъуэм и 19-м. Щіыху мини 6 500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: ЕСЬКОВ. Мосякин, Кобзев (псори Москва щыщщ).

«Сатурн»: Ребров, Ангбэз, Зелао, Нэхущ, Игонин, Евсеев, Сапетэ, Карякэ (Махмудов, 92), Иванов, Бояринцев (Воробьев, 70), Кириченкэ (Якубко, 82).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Хатаженков, Васин, Кисенков, Леандру (Гъэущокъуэ, 83), Концедалов, Гетериев, Плиев, Щаницин (Бикмаев, 62), Сирадзе (Ругасич, 70), Дядюн.

Топхэр дагьэкІащ: Кириченкэ (пенальтикІэ), 9 - 1:0. Сапетэ, 33 - 2:0. Кириченко, 41 - 3:0. Бикмаев, 69 - 3:1.

Дагъуэ хуащІащ Васиным, Карякэм, Бикмаевым, Нэхущым.

Джэгум къыхахуащ Бикмаевыр.

ПРЕМЬЕР -лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм хиубыдэу блыщхьэм «Спартак-Налшыкыр» Москва областым щыІущІащ «Сатурн»-м.

Турнир таблицэм щыпашэхэм ящыщ налшыкдзэсхэмрэ иужьрей дыдэ уеблІэр зыІыгъ «Сатурн»-мрэ я зэІущІэм къикІыжкІэ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъуамэхэм кьапекІуэкІри, Карякэ пльэщ гуплІэ губгъуэм къихьэфыну Іэмал ялакъым гъуащхьэхъуамэхэу Джудович, фэбжь зыгъуэта Филатовым, гъуащхьэхъумэныкъуэ Гогуа. А псом къищынэмыщІа, гупыр хуэныкъуэт командэм иджыблагъэ хэкІыжа Амиусашвили Александр. Абыхэм я пІэкІэ зэІущІэм къыхьхьащ Васин, Хатаженков, Щаницин, Плиев сымэ.

Ялрэ дакьикъэхэм къыщыщІэдзащ тепщэныгъэр зыУбыда хэгъэрейхэр щІэх-щІэхыурэ Фредриксон и гъуэм къызэребгъэрыкІуэм мыпхуэдэ зэІущІэшхэм ялрэу щыджэгу щІалэхэр игъэгужьеящ щІи щыуагъэ яІащІэкІ хъуащ. Еханэ дакьикъэр екІуэкІыу «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъуамэхэм кьапекІуэкІри, Карякэ пльэщу гъуэм еуащ икІи, топыр перекладинэм къимыгъэлъеижатэмэ, «Сатурн»-р ялрэ ищат.

Москва областым и командэр здебгъэрыкІуэм, штрафной ихьэпІэм пэмыжыжьэу топыр Плиевым и Іэм къытехуащ. ЗэІущІэм и судья нэхъыщхьэм штрафной иригъэуэну триухуат, арщхьэкІэ губгъуэм и гъуэм щыт суДьям хабзэр штрафнойм къыщызэпаудаэу игъэльагъуащ - пенальти. Кириченкэ зэуа топыр здэльэтэну льэныкъуэр Оттэ кьищІат, арщхьэкІэ кьыхуегъэзэжакъым - 1:0.

КъыхудагъэкІа топым хьэщІэхэм я льэр щиудащ икІи зэман кІыхькІэ я джагукІэр зэтрауухэжьфакъым. Сыхьэт ныкъуэм кІуриубыдэу ди щІалэхэр зэщ тэмэму щебгъэрыкІуэфар.

Футболист щІалэщІэхэм я тІасхъэр къэзыщІа хэгъэрейхэр жьыдэрт. Ахэр здебгъэрыкІуэм,топыр Сапетэ кьыІэрыхащ икІи Фредриксон и гъуэм кьыщигъэхутащ - 2:0.

КъыкІэлъыкІуэу къыхудагъэкІа топым и ужькІэ «Спартак-Налшыкым» и джэгукІэр хуэзэтеублэжакъым. ДакьикъипщІ нэхъ дэмыкІыу Кириченкэ етІуанэ топыр дигъэкІащ икІи бжыгъэр 3:0-м нигъэсащ. Евсеевым къыщІидзаебгъэрыкІуэныгъэм хэту Дмитрий топыр кьыІэрыхащ икІи занщІэу гъуэм еуащ. Гъуэм и пІанэпэмкІэ льэта топым Фредриксон зыри хуещІакъым.

Джэгугъуэм и етІуанэ Іыхьэр налшыкдзэсхэм яублэжащ футболистхэм ящыщ зыбжанэ зэрахъэкІыжащ. Губгъуэм кьихьа Бикмаевым зэщхьэщыщкІыныгъэр нэхъ мащІэ ищІыжащ.

АдакІэ щыгъуазэ фыхуэтщІынц премьер-лигэм хэт адрей командзкэр зэрызэдзджэгуам: «**Тэрч**» (Грозный) - «**Амкар**» (Пермь) - **1:0**, «**Томь**» (Томск) - «**Анжи**» (Мохьэчкъалэ) - **1:4**, «**Локомотив**» (Москва) - «**Алания**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Динамо**»(Москва) - «**Ростов**»(Дон Іус Ростов) - **3:2**, «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **2:0**, «**Спартак**» (Москва) - «**Рубин**» (Кьазан)- **0:1**, «**Крылья Советов**» (Самарэ) - **ЦСКА** (Москва) - **0:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр ди щІалэхэм Москва щрагъэкІуэкІынущ. Бадзэуэгъуэм и 25-м ахэр ІущІэнщ ЦСКА-м.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командзкэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Зенит»	13	10	3	0	20-5	33
2. ЦСКА	13	8	3	2	21-10	27
3. «Рубин»	13	7	5	1	13-3	26
4. «Спартак-Налшык»	13	6	4	3	17-13	22
5. «Локомотив»	13	6	3	4	18-12	21
6. «Ростов»	13	6	1	6	14-19	19
7. «Томь»	13	5	3	5	16-18	18
8. «Динамо»	13	4	6	3	15-13	18
9. «Тэрч»	13	4	5	4	13-12	17
10. «Спартак»	12	4	4	4	14-13	16
11. «Анжи»	13	3	4	6	15-16	13
12. «Амкар»	13	3	3	7	9-15	12
13. «Алания»	13	3	3	7	13-21	12
14. «Сатурн»	13	2	5	6	9-13	11
15. «Сибирь»	12	2	2	8	14-24	8
16. «Крылья Советов»	13	2	2	9	8-22	8

●Адыгэ щІэрыІуэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Щхьэщэмыщ Иэрэ Іьакъуэдыгъу Рамзесрэ. *Сурэтыр* **ХОЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

ЛЪАКЪУЭДЫГЪУ Рамзес:

ХъуэпсапІэхэр нахуапІэ мэхъу

Мы махХэхэм и адэжь пльэхэм зыщигъэпсэжу Нашлык къэкІуэжащ бодибилдингымкІэ дунейпсо чемпион хъуа Іьакъуэдыгъу Рамзес. Дунеи псом ди пльэпкъым и щІэр иджыри зэ фІыкІэ щызыгъэІуа щІалэм аэропортым дежьщипежьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Мухьэмэд, Кхъухьтэтэр къэтІысыным дыпэплъэу дыздэщыгъум, Рамзес и адэ-анэм зауэдгъэзащ я къуэм и екъуІэныгъэр къаззыщыхьэр зэдгъэщІэну. «Уи быным ушэрыхьэныр ди пльэпкъ хабзэкъым, - жиІащ Рамзес и адэ Арсен, - ауэ щІыр сыткІэ щхьэпэ, ди щІалэм и текІуэныгъэм дрогушхуэ икІи дыщогуфІыкІ, ди щхьэр пльагэу дегъэтэлъгъуэ. Сэ шэч кьытехьэрэ-тэкъым а спорт лІэужьыгъуэм абы екъуІэныгъэ гуэр зэрыщызыІэригъэхъэным, зэрысабийрэ ерыщу ар а Іужум хуэкІуэрт».

Дакъикъэ зыбжанэкІэ къэгува кхъухьитэтэр хуэмурэ кьотІысэх. Абы къыкІаХэм и ІэпкъытэпкъкІэ кьахуэ Рамзес. НэгъуэщІуи щытынкІэ Іэмал иІэкъым. Абы и Іэпкъытэпкъыр ипсыхьащ зэрыщІыкІуэр дэзыхьжа бодибилдингым. Фигу къэдгъэщІыжьынщи, бодибилдингыр кьаруушхуэрэ гуащІэ инрэ зэхьэлІэн хуей спорт лІэужьыгъуэщ. Псорп зытещІыхьар ун Іэпкъытэр къыр зэрыпнэжъ дахэр, уэ ар псом нэхъри нэ хъ екІуу зэрызебгъэкІуэфыр къэбгъэлъэгъуэныр.

Пежьажэм гуапэу сэлам къэрихри, дунейпсо чемпионым жиІащ: «Сытым хуэдэу сысыныкъуат сэ мы ди щІынатІэм и хьэуа къабзэм. Ар кьыщыпГыруэнкІэ, пльэмыкІыу зыхьыбощІэ хэку щыкІуэм и пльапІагъэр, абы хуиІэ гурыщІэхэр зэрыкуур. Сэ сыдэщыІа щІыпІэхэм езгъапщэмэ, щэч кьытезмыхьэу схужьІэнущ мыр жэнэт щІынатІэу зэрыщытыр. Тхъэр мы щІыпІэмкІэ кьыІэрыхтхуэпсам кьегъэльагъуэ ди пльэпкъыр зэрыхигъэфІыкІар. Сэ мы щІынатІэм сыкъкІыщІеуважьыкІэ, занщІэу зыхьзощІэ абы кьызнт кьаурэр гуащІэмэ зэрыиныр».

Щіалэр езэшами, димыгъэщІэхъу, и гъащІэр кьызэрекІуэкІам, а спорт лІэужьыгъуэм зэрыщихьам, адэкІэ и мурадхэм щыщІыгъэгъуэзащ.

- Бодибилдингым ныхъ кууэу сыщыщдихьэр илъэс 15 ныбжьым сыщІтащ, - кьыщІидза Рамзес. - Абы и пльэныкъуэкІэ сыдэзыхьхьэ актеркэр, спортсменхэр щыІэт икІи абыхэм садэпльейр. Си нэхъуейр теКІауэ сыщІэкъуэпсыр табыхэм ещхь сыхъуну. Псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхъуат илъэс 13-м ситу сызэпІьа «Чингачук - Большой Змей» фильмым хэта Митич Бойко. Абы и Іэпкъпльэныр зэрыдгъэхэм сыщІихьхати, жэщи-махуи якъхуаІэм хуэдэу, ар си нэгу щІэтт икІи абыхэм ещхь сызэр